ádebiy ortalığı, shığarmalarınıń toplanıwı hám baspadan jarıq kóriwi sıyaqlı máseleler sóz etilgen. Toplamda Ájiniyazdıń 50 den zıyat qosıqları tematikalıq toparlarǵa bólinip berilgen. Awdarmashılar Ájiniyazdıń «Demishler» shığarmasın toplamǵa shejire janrlıq ataması menen kiritken. Kitapta shayırdıń Bozataw poemasına da ayrıqsha orın berilgen. Toplamdı tayarlawshılar tárepinen Ájiniyaz poeziyasında ushırasatuǵın leksikalıq birlikler hám folklor-etnografiyalıq terminlerdiń túsindirme sózligi dúzip shığılǵan. Kitap sońında Ájiniyaz shayır shığarmalarınıń izertleniwi qaraqalpaq, ózbek, túrkmen, ázerbayjan hám basqa xalıqlar alımlarınıń ilimiy miynetleri tiykarında keltiriliwi shayır shığarmalarınıń ıqlasbentleri hám izertlewshileri ushın úlken qolaylıqlar jaratadı.

Búgingi kúni shayırdıń 200 jıllıq merekesi barlıq túrkiy tilles xalıqlarında bayram sıpatında belgilenbekte. Olar shayırdıń shığarmaların óz ana tillerinde oqıw imkaniyaına iye bolmaqta, Bunıń ayqın dálili sıpatında Ázerbayjan Respublikası Baku qalasında 2024-jılı baspadan shığarılǵan shayır shığarmalarınıń toplamın atap ótken orınlı. Ájiniyaz shayır shığarmaları filologiya ilimleriniń doktorı Názakát Mámmádli tárepinen ázerbayjan tiline awdarılǵan. Ilimpaz-awdarmashınıń «Qaraqalpaq jurtınıń ullı shayırı Ájiniyaz» dep atalǵan maqalasında Ájiniyazdıń ómirbayanı hám dóretiwshilik jolı haqqında maǵlıwmatlar berilip, shayır qosıqlarınıń janrlıq hám kórkemlik ózgeshelikleri ilimiy kózqarastan tallanadı. Bul kitap 11 kompoziciyalıq bólimnen ibarat bolıp, hárbir bólimge tiyisli atamalar qoyılǵan. Ájiniyaz shayırdıń qosıqları janrlıq kózqrastan toparlarǵa ajıratılıp berilgen. Ilimpaz Názakát Mámmádli Ájiniyaz poeziyasın social-filosofiyalıq qosıqlar, táriyipnama, diywan, muhammes, alifnama, mushayralar, ashıqlıq qosıqlar, aytıs sıyaqlı janrlıq túrlerge ajıratadı. Kitaptıń sońında shayır shığarmalarındaǵı ayırım termin hám atamalardıń qaraqalpaqsha-ázerbayjansha túsindirme sózligi keltirilgen. Bul kitap Ájiniyaz shığarmalarınıń túrkiy tilles xalıqlar arasına ele de keńnen taralıwında ayrıqsha xızmet atqaradı.

Eger Berdaqtı qaraqalpaqtıń eń ataqlı, ullı shayırı dep tanısaq, bunıń mánisi Berdaqtıń shığarmalarındaǵı xalıqlıq sociallıq mániniń tereńliginde jáne demokratizmnıń mashtablıǵında ekeni málim. Al, Ájiniyazdıń Watanshıllıǵı menen gumanistligi, shayırlıq mádeniyatındaǵı oqımıslılıq onı óz zamanlasları arasında ózgeshe bir tóbe etip kórsetip turadı. Ájiniyaz XIX ásir lirikasında novator shayır esaplanadı. Ol Shıǵıs dástúrlerin, qosıq formaların qaraqalpaq ádebiyatına engiziwi menen belgili.

Ájiniyaz meshitte bilim alıp, keyin Xiywa qalasındaǵı mediresede kóp jıllar oqıp tálim alǵan. Bul medrese Oraylıq Aziyadaǵı eń úlken hám eń abroylı oqıw orınının biri bolǵan. Bul oqıw ornında diniy hám dúnyalıq bilimler, sonıń ishinde gumanitar pánler tariyx hám basqa da pánler oqıtılǵan.

Átirek Gúrgen, Orenburg, qazaq jerleri, Shimkent, Samarqand, Miyan kól, Xiywa átiraplarıń aralap,bul jerlerden óz tvorchestvosına hasıl marjanlar terdi hám ol ellerge óziniń kórkem ǵáziynesiniń jaqtı nurların taratttı. Ájiniyaz ádebiyat, til, filosofiya tariyx sıyaqlı gumanitar pánler menen bir qatarda, geografiya, esap islerine de qızıqqan. Shayır qosıqlarında gezlesetuǵın Iraq, Sham, Gurd, Texran, Xajar, Hindistan, Qıtay, Qazan hám basqa jer atamaları teginnen tilge alınbaǵan. Jumaqlap aytqanda, Ájiniyaz tek óz watanına ǵana emes, jaqın shıǵıstaǵı basqa xalıqlardıń arasında da eń belgili shayırlardıń biri bolıw dárejesine erisken ullı shayır bolıp tariyxta qaldı.

**Adebiyatlar**


1. O‘zbekiston Respublikasi Prezidentining 2024 yil 16 iyuldagi “Atoqli qoraqalpoq shoiri va mutafakkiri Ajiniyoz Qo‘siboy o‘g‘li tavalludining 200 yilligini keng nishonlash to‘g‘risida”gi PQ-258-sonli qarori.
2. XIX asir qaraqalpaq adebiyatinin kornekli wakili Ajiniyaz Qosibay ulinin 200 jilligina bagishlangan xaliq araliq ilimiy-teoriyaliq konferenciya materiallari.



**REZYUME.** Maqolada Ajiniyoz Qo’siboy og’li ijodining bugungi kundagi xalqaro miqyosida o’rganilish jarayoni tahlil qilingan. Shuningdek, shoirning hayoti va ijodi haqida ayrim tadqiqotlar haqida batafsil to’xtab o’tilgan.

**РЕЗЮМЕ.** В статье анализируется процесс изучения творчества Ажинияза Косибоя оглы сегодня в международном масштабе. Также подробно рассмотрены некоторые исследования о жизни и творчестве поэта.

**SUMMARY.** The article analyzes the process of studying the work of Ajiniyaz Kosiboy Ogli today on an international scale. Also, some studies about the poet's life and work are discussed in detail.


## ÁJINIYAZ ShÍǴARMALARÍN OQÍTÍWDA INNOVACION TEXNOLOGIYALARDAN PAYDALANÍW


**Q.J.Sársenbaev** – *tayanısh doktorant*
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*



**Tayanch so‘zlar:** Ajiniyoz shoir, adabiyot, metodika, innovatsiya, texnologiya, «Akvarium» texnologiyasi.
**Ключевые слова:** поэт Ажинияз, литература, методология, инновация, технология, технология «Аквариум».
**Key words:** Ajiniyaz poet, literature, methodology, innovation, technology, «Akvarium» technology.


Mámleketimizdiń keleshegi bolǵan jaslarımızdı hár tárepleme jetik, bilimli, intalı shaxs, kámil insan retinde tárbiyalaw máselesi búgingi kúnde ayrıqsha tárizde, zamanagóy usıllar tiykarında úyrenilmekte, olardıń barlıq huqıq hám erkinlikleri, múmkinshilik hám máplerin qorǵawda shólkemlestirilgen-huqıqıy tiykarlar zaman menen teń rawajlanıwlanıw jolında alıp barılmaqta. Óytkeni, aralıqtan oqıtıw, onlayn rejiminde úzliksiz islengen jaǵdayda jaslardıń bilim alıw huqıqın tálimde támiyinleniw Ózbekstannıń jaslarǵa berip atırǵan tálim-tárbiya, ǵamxorlıq, itibardıń ámeliy ańlatpası bolıp tabıladı.

Jaslarda ádebiyattanıwǵa bolǵan qızıǵıwshılıqtı arttırıw, kórkem ádebiyatlar menen jaqınnan tanısıw, erkin pikir júritiw, dúnya qarasın keńeytiw búgingi kúnniń áhmiyetli máselelerinen esaplanadı. Sózimizdiń dálili sıpatında Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2024-jıl 16-iyuldaǵı «Belgili qaraqalpaq shayırı hám oyshılı Ájiniyaz Qosıbay ulı tuwılǵanınıń 200 jıllıǵın keńnen belgilew haqqında»ǵı PQ-258-sanlı qararın [1] keltirip ótiw orınlı.

Ájiniyaz Qosıbay ulı óziniń bir-birinen bahalı shığarmaları menen XIX ásir qaraqalpaq klassik ádebiyatınıń rawajlanıwına keń imkaniyatlar jaratıp berdi. Shayırdıń hárbir qosıq qatarlarında tereń filosofiyalıq oy, ótkir qryal, jaslardıń ruwxiy sanasına kúshli tásir etiwshi milliy kolorit sezilip turadı. Búgingi rawajlangan dáwirde shayırdıń dóretiwshiligi hár túrli aspektte úyrenilip kelinbekte. Jumısımızda shayırdıń shığarmaların oqıtıwda innovacion texnologiyalardan paydalanıwdıń áhmiyeti haqqında aytıwdı orınlı taptıq.

Leksikologiyalıq jaqtan alıp qaraǵanımızda «innovaciya» túsinigi inglis tilinen awdarmalaǵanımızda (innovacion) «jańalıq kirgiziw» degen mánisti ańlatadı. «Innovaciya» túsinigi mazmun jaǵınan anıq jaǵdaydı bildiredi.

Innovaciya – belgili bir sistemanıń ishki dúzilisi. Bilim alıwshı jaslarda jańa ideya, norma, qaǵıydalardı jaratıw, basqa shaxslar tárepinen jaratılǵan aldıńǵı ideyalar, norma qaǵıydalardı tábiyiy qabıl etiwge baylanıslı sıpatlar, kónlikpelerdi qáliplestiriw imkaniyatın jaratatuǵın bilimlendiriw. Innovaciyalıq bilimlendiriw procesinde qollanılatuǵın texnologiyalar innovaciyalıq bilimlendiriw texnologiyaları yamasa bilimlendiriw innovaciyaları dep ataladı.

Qaraqalpaq ádebiyatı sabaǵında hárbir oqıtıwshı «sabaqtıń hárbir basqıshında oqıwshılardıń ózlestiriwine qoyılatuǵın talaplar metodika pánine baylanıslı, bunda qaraqalpaq ádebiyatına tiyisli marteiallardı túsindiriw, oqıwshılardan soraw, olardı bahalaw, bahalawdıń ólshemleri hám usılları esapqa alınadı. Oqıwshılarǵa ádebiyattı oqıtıw metodikası boyınsha zárúrli teoriyalıq hám ámeliy bilimlerdiń, maǵlıwmatlardıń eń kereklilerin jetkeriwden ibárat» [5:9].

Ájiniyaz shayırdıń «Ellerim bardı» qosıǵın balalarǵa túsindiriw arqalı, olarda Ana Watanǵa muhabbat, tuwılǵan jerge sadıqlıq, tábiyatqa bolǵan itibarlılıqtı arttırıw keypi sińdiriledi. Shayırdıń bul qosıǵın sabaq túrindegi innovaciyanı tómendegi kóriniste kóriwimiz múmkin.

a) Standart sabaq - sabaq ishindegi struktura ózgermeydi.

b) Nostandart sabaq - sabaq ishindegi struktura ózgeredi.

v) Virtual sabaq - yagniy aralıqtan oqitiw. Pedagogikalıq innovaciyada «jańa» túsinigi oraylıq orın tutadı. Sonday-aq, pedagogikalıq sheberlik arqalı studentlerde jeke, shártli, jergilikli hám subyektiv jańalıqqa qızıǵıwshılıq oyatıladı.

Zamanagóy bilimlendiriwdiń talabı oqıwshılarǵa imkanı barınsha kóbirek bilim beriw emes, bálkim, olardı óz-ózinen úyreniwge, sonday-aq maǵlıwmatlar menen isley alıwǵa úyretiw bolıp esaplanadı.

Joqarıdaǵılardı esapqa alsaq, shayırdıń qosıqların oqıtqanımızda eń aldı menen hárbir qosıq qatarına tiyisli jańa kartinalar jámlep, olardı prezentaciyalar menen studentlerge kórsetiw arqalı túsindiriw maqsetke muwapıq keledi.

Bilimlendiriw barısında usı texnologiyanı qollanıwdan maqset oqıwshını málim bir mashqala boyınsha pikirlew, óz pikirin bayan etiw, mashqalanı sherik penen birgelikte dodalawdı úyretiwden ibarat. Shayırdıń dóretiwshiligin «Akvarium» texnologiyasında oqıtıw arqalı studentlerdi shayırdıń shıǵarmalarına degen qızıǵıwshılıqtı oyatıw múmkin.

Metodtı qollanıwda tomendegi shólkemlestiriwshi xarakter payda etiledi:

1. Oqıwshılardı eki toparǵa bólip alamız. Bul eki topardı analizshiler hám baqlawshılar dep ataw arqalı wazıypaların túsindiremiz.

2. Toparlardıń biri yaǵniy analizshiler doskaǵa shıǵadı hám ortaǵa qoyılǵan mashqalalı sorawǵa juwap izleydi (Bunda hárbir aytılǵan qosıq qatarına studentler anıq hám qısqa juwap beriwi kerek).

3. Hárbir topar aǵzaları temaǵa tolıq túsingenin biliw ushın studentlerge dıqqat penen itibar qaratıp otırıwımız zárúr.

4. Analizshiler mashqalalı sorawlarǵa juwap bergennen soń bul pikirlerge baqlawshılardıń hárbiri óziniń kózqaraslarıń qısqa hám anıq qılıp aytadı.

Texnologiyanı qollanıw úlgisi:

Sorasań elimdi Qojban bizlerden,
Qalpaǵı qazanday ellerim bardı,
Qáte shıqsa keshirińler sózlerden,
Qıtay, Qońırat atlı ellerim bardı [2:3].

Analizshiler qosıq qatarların tallawda hárbir sózge tereń itibar qaratıp, onıń mánis-mazmunın, ne ushın qollanılǵanın keń formada túsindiriwi dárkar. Eger tolıq juwap bolmasa pedagog tárepinen tómendegi sorawlar beriledi. Mısalı:

1. Táriyip degende neni túsinesiz?
2. Qojban degen kim?
3. Qıtay, Qońırat atamalarına keńnen maǵlıwmat berip ótseńiz?

Jaylawım-Úrgenish, arqası – teńiz
Jawırını qaqpaqtay malları semiz,
Ruxsatsız bir-birine salmas iz,
Birlikli Qońırat ellerim bardı [2:2].

Ájiniyaz qaraqalpaq xalqınıń shayırı bolıw menen birgelikte Xiywada oqıǵan. Kóp ǵana ózbek ziyalıları menen dos bolǵan. Qazaqstanda bir neshe mártebe bolıp, qazaqtıń shayır qızı Qız Meńesh penen aytısqan. Túrkmenstan dalaların aralaǵan. Nawayı, Maqtumqulı, Kemineni ózine ustaz dep tanıǵan. Demek, Ájiniyaz tórt tuwısqan túrkiy xalıqlardıń arasında bolǵan.

Bunday jaǵdayda hár qanday shayır óziniń tuwılǵan elin tanıtıwǵa háreket jasaydı. Usınday sebepler menen Ájiniyazda ádewir táriyp qosıqları da jazılǵan.

«Ellerim bardı» qosıǵı Qazaqstanda bolǵan saparında Qızıl Orda úlkesiniń itibarlı baylarınan bolǵan Qojbannıń sorawı boyınsha jazılǵanı málim. Bul qosıq táriyp usılında jazılǵan bolıp, óz xalqın bayan etken shayırdıń júrek debdiwleri dep qarawǵa boladı. Sebebi qosıqtıń hárbir qatarında shayırdıń milliy maqtanıshı bar. Qosıq qatarlarınan málim bolǵanınday-aq Ájiniyaz qazaq baylarınan bolǵan Qojbanǵa óziniń tuwılıp ósken elin úlken maqtanısh penen bayan etken. Bul el Úrgenshten baslap Aral teńizine shekem dawam etedi. Xalıqtıń milliy etnografiyalıq ózgesheligi, ‹‹Basında qazanday qalpaǵı bar, kóllerinde hár qıylı quslar kóp›› – dep aytpaqshı boladı. Ájiniyaz bul qosıǵı arqalı óziniń eń dáslep qaraqalpaq dep atalǵan eldiń azamatı ekenligin, bul el qazaq hám ózbek xalıqlarına ádewir jaqın bolıp, túr-túsi, tili Orta Aziya xalıqlarına jaqın ekenligin ayta kelip, xalıqtıń ózine tán tuwrılıq, sıpayılıq sıpatlarınıń bar ekenligin bayanlaydı.

Keltirilgen sorawlarǵa analizshiler juwap bergennen soń, qalǵan pikirlerdi baqlawshılardan esitemiz. Hámme pikirler bayan etilgennen soń oqıtıwshı durıs hám qáte pikirler boyınsha studentlerge tolıq maǵlıwmat beredi. Bul texnologiya jaslarda erkin pikirler qábiletin oyatadı. Olardıı kelshekte óz pikirine iye kámil insanlar bolıp jetilisiwinde áhmiyetli xızmet atqaradı.

Juwmaqlap aytqanda, Ájiniyaz Qosıbay ulı shıǵarmaların studentlerge oqıtıwda jańa innovaciyalıq texnologiyalardan paydalanıw arqalı sabaqtıń nátiyjeliligin arttırıw múmkin. Óytkeni, zamanagóy bilimlendiriw sistemasında jaslarǵa bilim beriwde eń aldıńǵı texnologiyalardan paydalanıw imkániyatı jaratıp berilgen. Mine, usınday texnologiyalardan paydalanıw arqalı sabaqta óz maqsetimizge erisiwimiz múmkin. «Ádebiyat jasasa millet jasaydı» degenindey ádebiyat sabaqlarında jańa texnologiyalardan paydalanılsa, jaslardıń shayır, jazıwshılardıń dóretiwshiligine bolǵan qızıǵıwshılıǵı artadı. Bul degeni, olardıń dúnyaqarası keńeyip, bilim alıwǵa qızıǵıwshılı artadı degen sóz.

## Ádebiyatlar


2. Oʻzbekiston Respublikasi Prezidentining 2024 yil 16 iyuldagi “Atoqli qoraqalpoq shoiri va mutafakkiri Ajiniyoz Qoʻsiboy oʻgʻli tavalludining 200 yilligini keng nishonlash toʻgʻrisida”gi PQ-258-sonli qarori.
3. Әжинияз. Бир пәрий. Ашықлық ҳәм нама қосықлары. -Нөкис: «Қарақалпақстан», 1993. 72-б.
4. Husanboyev Q., Niyozmetov R. Adabiyot oʻqitish metodikasi. -Toshkent: «Barkamol fayz media», 2018. 352-b.
5. Paxratdinov A’., Qalbaeva G. Ko’rkem shi’g’armalardi’ estetikali’q tallawdi’n’ metodologiyali’q tiykarlari’ ha’m ayi’ri’m a’hmiyetli metodlari’. -No’kis: «Qaraqalpaqstan», 2013. 36-b.
6. Yusupov Q. Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikası. -Táshkent: «Sano-standart», 2018. 336-b.



**REZYUME.** Maqolada atoqli qoraqalpoq shoiri Ajiniyoz ijodini oʻqitishga innovatsion yondashuvning samaradorligi haqida ilmiy xulosalar keltirilgan. Asosan shoirning ijodini «Akvarium» texnologiyasidan foydalanishning avzalliklari haqida fikr yuritilgan.

**РЕЗЮМЕ.** В статье представлены научные выводы об эффективности инновационного подхода к преподаванию произведений известного каракалпакского поэта Ажинияза. В основном в творчестве поэта говорилось о преимуществах использования технологии «Аквариум».

**SUMMARY.** The article presents scientific findings on the effectiveness of an innovative approach to teaching the works of the famous Karakalpak poet Ajiniyaz. Basically, the poet’s work talked about the advantages of using the «Aquarium» technology.